



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

AVAN WIKENN FÈT TRAVAY LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON KANPAY SOU SEKIRITE LÈ N AP KONDUI

Lapolis Eta New York ak fòs de lòd lokal yo pral sible chofè ki gen kapasite afebli epi ki ensousyan yo pandan y ap fè plis patwouy nan wikenn ferye sa a

Pri gaz nan New York te bese 9.5 pousan parapò ak wikenn Fèt Travay 2023 a

Otorite Thruway, Depatman Transpò pral sispann travay nan wout yo an previzyon a yon kantite rekò vwayajè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Lapolis Eta a ak fòs de lòd lokal yo pral reprime chofè ki gen kapasite afebli epi ki ensousyan yo pandan y ap ogmante patwouy ak pwen kontwòl pandan wikenn Fèt Travay la. Peryòd aplikasyon an kòmanse vandredi 30 septanm 2024, pou l fini lendi 2 septanm 2024. Anplis de sa, ak pri gaz la ki desann 9.5 pousan parapò ak dènye Wikenn Fèt Travay la, yo prevwa yon kantite rekò nan vwayaj epi y ap sispann konstriksyon wout yo sou wout prensipal yo nan eta a.

"Nou vle tout Nouyòkè yo fini sezon ete a nan jwi wikenn Fèt Travay la epi kreye souvni," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Evite aksidan, blesi grav ak lanmò senp; rete modere, rete vijilan epi respekte limit vitès la."

Mobilizasyon pou Aplikasyon

Chofè yo ka atann pou wè pwen kontwòl tèt klè ak plis patwouy Lapolis Eta a ak ajans fòs lòd lokal yo ap fè pandan wikenn fèt sa a. Polisye Eta yo pral sèvi avèk toulède machin polis eta ki make ak machin kontwòl sikilasyon ki gen idandite yo ki kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon sa a pou idantifye pi fasilamn chofè k ap vyole lalwa. Machin CITE yo pèmèt polisye eta yo pi byen obsève vyolasyon konduit yo. Veyikil sa yo ka kamofle avèk machin k ap sikile chak jou yo, men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

Nan wikenn Fèt Travay la an 2023, ofisye fòs lòd yo nan tout eta te arete 988 moun pou chofè k ap kondui ak kapasite afebli (driving while intoxicated/impaired, DWI) epi yo te bay 28,856 kontravansyon an total.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ankouraje chofè yo pou yo sèvi ak [aplikasyon Have a Plan](#) Pwogram Opsyon Sikilasyon Espesyal pou Chofè k ap Kondui ak Kapasite Afebli (Special Traffic Options Program for Driving While Intoxicated, STOP-DWI) pou ede yo jwenn yon fason ki an sekirite pou antre lakay yo. Aplikasyon gratis la pèmèt itilizatè yo chwazi yon chofè, rele yon taksi oswa pran woulib an komen, epi egzamine konsekans ki genyen lè moun kondui avèk kapasite afebli. Itilizatè yo ka menm itilize aplikasyon an pou rapòte yon chofè ki sou oswa ki dwoge. Aplikasyon an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Android ak Windows.

Yo raple otomobilis yo tou pou yo respekte [Lwa Mete yo Sou Kote Eta a](#), ki te elaji nan mwa mas. Dapre lwa elaji a, tout chofè yo dwe ralanti epi mete yo sou kote lè yo an sekirite pou fè sa pou tout veyikil ki kanpe sou wout la.

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) Eta New York ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Se sèlman patnè fòs de lòd nou yo ki ka ranfòse kapasite nou pou rann wout New York yo an sekirite. Mwen vle remèsye lapolis pou angajman kontinyèl yo pou elimine chofè ki gen kapasite afebli epi ki ensousyan sou otowout nou yo. Souvni nan selebre fen sezon ete a pa dwe gache ak trajedi. Li enpòtan anpil pou pran kèk minit epi fè yon plan pou rive lakay ou san danje".

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Nou konnen trè byen nou ka evite trajedi ke kondui avèk kapasite afebli, yon fason ensousyan ak distrè lakòz yo. Machin lapolis Eta yo pral trè vizib sou wout yo pandan peryòd aplikasyon ferye sa a, kote yo sible chofè ki mete lòt moun an danje san nesosite. Mwen remèsye Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a pou angajman komen li nan fè sekirite yon pi gwo priyorite pou kenbe wout nou an sekirite pou tout moun."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Sekirite se pi gwo priyorite Otorite Thruway, pou otomobilis ak anplwaye nou yo. Otomobilis yo dwe ralanti epi mete yo sou kote an sekirite lè yo wè veyikil sou bò wout la. Anplwaye ak sekouris ijans nou yo pral sou tèren pou ede otomobilis yo pandan wikenn ferye a, epi nou vle tout moun kapab rantre lakay yo san danje. Nou remèsye patnè nou yo nan Twoup T nan Polis Eta New York la paske yo fè patwouy sou Thruway la epi kenbe otomobilis yo an sekirite."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Wikenn Fèt Travay la se yon okazyon pou tout Nouyòkè yo dekonekte, ale deyò, epi jwi dènye ti moman sezon ete a anvan tan an chanje epi lekòl yo retounen nan tout aktivite yo. Lè yo sispann travay konstriksyon yo pandan wikenn ferye sa a, moun k ap vwayaje sou wout nou yo pral rive nan destinasyon vakans yo ak mwens deranjman, epi sou wout la, yo pral pwofite anpil bèl mèvèy Empire State yo. Mwen ankouraje tout chofè yo pou yo respekte tout règ wout yo paske sekirite a depann de nou chak nan atansyon n ap pote nan sa nou gen pou n fè - kidonk kondui an sekirite. Li enpòtan pou tout otomobilis boukle senti yo, depoze telefòn yo, epi pare pou mete yo sou kote pou veyikil ijans yo."

Chèf Lapolis Vil Batavia ak Prezidan Asosyasyon Chèf Lapolis Eta New York, Shawn Heubusch te deklare, "Pandan jou ferye Fèt Travay sa a, li enpòtan anpil pou sonje ke kondui anba enfliyans oswa ak gwo vitès ogmante risk aksidan epi mete lavi an danje. Kondui ak kapasite afebli diminye tan reyaksyon yo ak afekte jijman, pandan eksè vitès limite kapasite w pou reyaji a chanjman rapid sou wout la. Tanpri selebre yon fason responsab, asire ou gen yon chofè ou te chwazi, epi toujou respekte limit vitès yo pou wout nou yo ka an sekirite pou tout moun. Ajans lapolis atravè Eta New York pral sou tèren pou asire wout nou yo an sekirite".

Cherif nan Konte Delaware ak Prezidan Asosyasyon Cherif Eta New York la, Craig DuMond, te deklare, "Lè yon moun kondui ak kapasite afebli yo mete tèt yo, pasaje yo, ak piblik la an danje. Gen yon plan pou rive lakay ou san danje. Mesaj la senp: Kondui San Ou Pa Sou oswa y ap Arete Ou Cherif Eta New York vle ou jwi wikenn Fèt Travay la ak fen sezon ete a, men nan yon fason entelijan lè w pa kondwi ak kapasite afebli."

Pwojè konstriksyon yo sispann

Wikenn Fèt Travay la lakòz yon fason tradisyonèl gwo sikilasyon nan tout eta a. Pou fasilite vwayaj yo pandan wikenn ferye ki chaje a, fèmte tanporèl vwa yo pou pwojè konstriksyon wout ak pon yo sou otowout Eta New York yo pral sispann apati 6 a.m. vandredi 30 out pou rive 6 a.m. madi 3 septanm.

Chofè yo dwe konnen ke li pwobab pou yo kontinye fè kèk travay dèyè baryè an beton pèmanan oswa pou reparasyon ijans yo. Sispansyon konstriksyon an akò ak Inisyativ Chofè yo Dabò (Drivers First Initiative) Eta New York la, ki priyorize konmodite otomobilis yo pou minimize anbouteyaj sikilasyon yo ak reta vwayaj akòz travay nan wout ak pon.

Otorite Thruway raple otomobilis yo ke pandan 19 zòn sèvis yo ouvri, gen uit ki fèmten epi yo an konstriksyon nan kad [pwojè reyamenajman 450 milyon dola a](#). Sèvis kabiran yo rete ouvri nan tout lokal yo. Otomobilis yo ka [wè zòn sèvis yo](#) epi planifye arè yo sou sit entènèt Otorite Thruway la ak sou [aplikasyon mobil](#), gratis la ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk tou nan sikilasyon nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon yo sou Thruway la.

Espas pou kanpe pou voye tèks yo, sa gen ladan enstalasyon pou estasyonman ak pran woulib (park-and-ride) yo, espas arè pou repoze yo, zòn sèvis yo ak pakin yo ki sou otowout eta yo ap soutni efò eta a pou redui kantite moun ki distre pandan y ap kondui yo. Tout espas pou rete pou voye tèks yo pral rete ouvri, epi ofri yon kote pou chofè yo kapab an tout sekirite epi ak tout konmodite itilize telefòn yo ak lòt aparèy mobil pou fè apèl, voye tèks, navige epi aksede ak aplikasyon mobil yo. Li patikilyèman danjere pou voye mesaj tèks pandan w ap kondui, poutèt sa egzije otomobilis la pou retire je li sou wout la, lage volan an epi dekonsantre sou kondui.

Vwayajè yo ka verifye tou 511NY NYSDOT la anvan yo vwayaje, lè yo rele 5-1-1, lè yo vizite [sit entènèt 511 lan](#), oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la sou [iTunes](#) oswa [Google Play](#). Sèvis gratis la pral pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo, wè 2,219 kamera sikilasyon epi relye a enfòmasyon ayeryen ak transpò. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Konduit (Drive), ki sonnen pou avèti moun k ap konduit sou yon wout yo chwazi si gen aksidan osinon konstriksyon.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)